dzakaratidzwa kuvanhu vose. 12 Dzinotidzidzisa kuti tirambe zvinhu zvisina umwari nokuchiva kwenyika, uye tirarame upenyu hwokuzvidzora, hwokururama uye hwoumwari munguva ino, 13 takamirira tariro yakaropafadzwa, kuonekwa kwokubwinya kwaMwari wedu mukuru noMuponesi, Jesu Kristu, 14 akazvipa nokuda kwedu kuti atidzikinure kubva pakuipa kwose, nokuzvinatsira vanhu vari vake chaivo, vanoshingaira kuita zvinhu zvakanaka. Tito 2:11-14

a. Kubva mubhuku raTito, Pauro anotizivisa kuti tinopeswa nenyasha dzaMwari. Nyasha kuitirwa zvakanaka zvatisina kukodzerwa nazvo.
b. Mwari vanotsvaka kuti tizvipire zvakaperera. Ko sei tichitya kzvipira kuna Mwari zvakaperera?
c. Ko Pauro anoti takafanira kuita chii? Zvinorevei kushingaira?

4. Verenga Ruka 2 pamusoro pevafudzi. Ko vaakitei zvavakanzwa mashoko evatumwa? Zvakashandura sei upenyu hwavo? Ko munofunga kuti vakambozvifunga here kuti vamwe vaifungei pamusoro peshungu dzavaiva nadzo?

5. Verenga Ruka 2 pamusoro pamaonero a Maria. Anozvitora sei zvenyaya yekuzvarwa kwaJesu? Funga nezvemufaro waMaria nokuda kwekuti aizova mai veMuponesi wenyika. Zvino funga nezvekusuwa kwake uye pakupedzisira mufaro wake nokuda kwekufa nokumuka kwaJesu.

6. MunaMapisarema 96 Davhidi nezvaanofunga pamusoro pechipo cheruponeso runobva kunaMwari. Anotiudza kuti tiitei? Anotsanangura samba raMwari sei? *~ Aiwa imbai rwiyo rutsva kuna Jehova; imbai kuna Jehova imi nyika! 2 Imbai kuna Jehova, rumbidzai Zita rake; rondedzerai ruponeso rwake zuva nezuva. 3 Dudzirai kubwinya kwake pakati pevahedeni, nemabasa ake anoshamisa pakati pavanhu vose. 4 Nokuti Jehova mukuru, uye anofanira kurumbidzwa kwazvo; anofanira kutyiwa kupfuura vamwari vose. 5 Nokuti vamwari vose vendudzi zvifananidzo zvisina maturo, asi Jehova akaita kudenga - denga. 6 Kukudzwa nevumambo zviri pamberi pake;samba nekunaka zviri panvimbo yake tsvene. Mapisarema 96:1-6*
(Verengawo Varoma 1:16, Mateo 28:18-20)

Kuzvarwa kwaJesu

Muprofita Isaya 9:2-6
Takazvarirwa Mwana

Vanhu vaifamba murima vakaona chiedza chikuru; vaigara munyika yemumvuri worufu, vakapenyerwa chiedza.

3 Makawanza rudzi, makawedzera mufaro wavo, vanofara pamberi penyu, sokufara kwavanhu panguva yokucheka, sokufara kwavanhu kana vachigoverana zvinhu zvakapambwa. 4 Nokuti makavhuna joko raivaremedza, netsvimbo yairova mafudzi avo, neshamhu yevaivamanikidza, sapamazuva avaMidiani. 5 Nokuti shangu imwe neimwe yomurwi, yakatsika nokutinhira, nenguwo yakanyikwa muropa, zvichapiswa, zvichava sehuni dzomoto.

6 Nokuti takazvarirwa Mwana, takapiwa Mwanakomana, vumambo vuchava pafudzi rake, zitz rake richanzi: Unoshamisa, Gota, Mwari unesimba, Baba vokusingaperi, Muchinda werugare.

(Verengawo Johani 1:14)

Nhasi muguta raDhavhidhi mazvarirwa Muponesi; ndiye Kristu Ishe. Ruka 2:11

Ruka 2:1-20 - *Kuzvarwa kwaJesu*

Mumazuva iwayo Kesari Ogasito akapa chirevo chokuti vagari vose venyika
dzose dzaitongwa neRoma vaverengwe. 3 Uye mumwe nomumwe akaenda
kuguta rake kuti andonyoresa. 4 Saka Josefawo akakwira achibva kuguta
reNazareta muGarirea achienda kuJudhea, kuBheterehema guta raDhavhidhi
nokuti akanga ari weimba yaDhavhidhi noworudzi rwake. 5 Akaenda ikoko
kundonyoresa naMaria, waakanga atsidzira kuzowanana naye uye akanga ava
napamuviri.

6 Vachiri ikoko, nguva yokuzvarwa kwomwana yakasvika, 7 akazvara
dangwe rake, mwanakomana. Akamuputira nemicheka akamuisa muchidyiro
chezvipfuwo, nokuti muimba yavaeni makanga musisina nzvimbo yavo.

8 Uye kwakanga kuna vafudzi vakanga vachigara kumafuro aiva pedyo naikoko,
vachichengeta makwai avo usiku. 9 Mutumwa waShe akazviratidza kwavari, uye
kubwinya kwaJehovha kwakavakomba, uye vakatya kwazvo. 10 Asi mutumwa
akati kwavari, “Musatya. Ndauya nenhau dzakanaka dzomufaro mukuru uchava
wavanhu vose. 11 Nhasi muguta raDhavhidhi mazvarwa Muponesi; ndiye Kristu
Ishe. 12 Ichi ndicho chichava chiratidzo kwamuri: Muchawana mwana akaputirwa
nemicheka uye avete muchidyiro chezvipfuwo.” 13 Pakarepo hondo huru
yokudenga yakaonekwa pamwe chete nomutumwa vachirumbidza Mwari vachiti:
14 “Mwari ngaarumbidzwe kumusoro soro, uye rugare panyika nokuvanhu
vaanofarira.”

15 Vatumwa vakati vabva kwavari uye vaenda kudenga, vafudzi vakataurirana
vachiti, “Handei kuBheterehema tindoona chinhu chaitika ichi, chataudzwa
nezvacho naShe.” 16 Saka vakakurumidza kusimuka vakaenda vakandowana
Maria naJosefa, nomwana, akanga avete muchidyiro chezvipfuwo. 17 Vakati
vamuona, vakaparadzira shoko maererano nezvakanga zvataurwa pamusoro
pomwana uyu, 18 uye vose vakazvinzwa vakashamiswa nezvavakataurirwa
navafudzi. 19 Asi Maria akachengeta zvinhu zvose izvi akazvifungisisa mumwoyo
make. 20 Vafudzi vakadzokera vachikudza nokurumbidza Mwari pamusoro
pezvinhu zvose zvavakanga vanzwa uye zvavakaona, zvakanga zvakangoita
sezvavakanga vataurirwa.

Kuzvarwa kwaJesu nezvatinofanira kunzwa

Taksunungurwa pamutongo wezvivi nokuda kwekuvzarwa, kufa nokumuka
kuvakafa kwaJesu. Taksununguka kumutenda nokumurumbidza noupenyu
hwedu.

1. Muprofita Isaya akaprofita nezvekuzvarwa kwaJesu, akaenzanisa basa
   rake panyika nokusateerera kwavanhu vaMwari nokusunungurwa kwavo
   kubva pautapwa hweBhabhironi. *(Verenga Muprofita Isaya 9:2-6)*
   a. Tsanangura hudzvinyiriri hwepanyama hwaizonzwikwa navanhu
      vaMwari.
   b. Huranda nehudzvinyiriri rudzii rwaizosunungurwa vanhu vaMwari
      kubva paruri naJesu? Moprofita Isaya anoti pachava nomufaro mukuru
      pakuuya kweMwari. Verenga ndima 2 ne 6. Ko Jesu anotsanangurwa
      sei?
   c. Makore anodarika mazana manomwe asati asvika, Muprofita Isaya
      akanyora nezvekuzvarwa kwaJesu. Tsanangura kuti mashoko
      echiprofita cha Isaya akabatsira sei vanhu vakatarisira kuuya
      kweMuponesi.

2. Verenga mashoko aPauro kubva muVaRoma 6. *~ Asi zvino makasunungurwa
   kubva kuchivi uye mava varanda vaMwari, zvibereko zvamunokohwa zvinoisa
   kuutsvene, uye kuguma kwazvo ndihwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu
   Ishe wedu. 23 Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu, asi chipo chaMwari
   chokungopiwa ndihwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu Ishe wedu. Vaorma
   6:22-23*
   a. Ko mubairo wezvivi zvedu chii?
   b. Zvinorevei kuva muranda kuna Mwari wedu werudo? Ko tikapa kuda
      kwedu kuna Mwari tinowana chii? (Kunanatswa zvinoreva kuva
      vatsvene.)
   c. Ko mutengo wezvivi chii? Mutengo weruponeso chii?

3. Kuburikidza nemurairo tinoona zvivi zvedu nechido chedu choMuponesi.
   Murairo unotinatsa kuti moyo yedu ikwanise kugamuchira nyasha
   dzaMwari dzinoshamisa.*~ Nokuti nyasha dzaMwari dzinouyisa ruponeso*